



Objektif inisyativ ki rele “Soul Lives in The City” (Se moun ki rete nan vil la), se fè moun ki rete nan Distri 5 yo konnen yo pral bati nouvo kay nan pwogram “New Affordable Rental Housing” (lojman kote lwaye a bon mache) pandan 12 a 24 mwa ki pral vin la yo, pou kalifye moun davans ki ka vin rete nan nouvo kay sa yo. Objektif inisyativ sa a tou se pou bay moun zòn nan konsèy nan afè kay ak afè kredi pou prepare yo pou yo pwofite okazyon sa a. Lè w ranpli fòm enskripsyon preliminè sa a, sa pa garanti ou pral rete nan youn nan kay sa yo, men se yon premye etap enpòtan ou dwe pase pou w asire plas ou nan lis moun k ap tann nan.

Apatman sa yo la sitou pou fanmi ki pa fè anpil lajan ak sa yo ki prèske pa fè lajan ditou epi pou granmoun aje. Chak apatman gen limit pou kantite moun ki dwe rete ladan yo, epi gen kondisyon tou sou kantite lajan moun dwe fè pou pi piti oswa yo dwe fè pou pi plis, epi tou sa depann de gwozè apatman an.

Tout moun k ap rete nan kay sa yo, lajan y ap fè dwe a 60% lajan moun touche an mwayèn nan zòn nan (AMI - Area Median Income) oswa pi piti pase sa. Paregzanp, yon fanmi ki gen kat moun dwe ap touche \$33,540 oswa pi piti pase sa. Yo mete yon kantite nan apatman yo apa pou moun k ap touche lajan ki a 33% AMI an oswa pi piti pase sa. A 33% AMI an, yon fanmi ki gen kat moun dwe ap touche \$18,447 oswa pi piti pase sa.

Si w bezwen plis enfòmasyon, kontakte Fondasyon Kari Mik la nan (305) 953-0525 oswa ale sou sit wèb li www.carriemeekfoundation.org

POTE FÈY ENSKRIPSYON TOU RANPLI YO NAN BIWO “THE CARRIE MEEK FOUNDATION”

1111 Park Centre Boulevard • Miami Gardens, Florida 33169 • Phone: 305.953.0525 • Fax: 305.305.474.0190
Email: info@CarrieMeekFoundation.org • Website: www.CarrieMeekFoundation.org

PRAN YON KOPI RAPÒ KREDI W YO FENK RALE POU OU, METE L NAN ENSKRIPSYON AN, SE YON PATI KI ENPÒTAN ANPIL NAN DEMACH ENSKRIPSYON AN

Ou kab jwenn yon kopi rapò kredi ou nan youn nan sit wèb sa yo oswa nan konpayi bò lakay ou, men w ap peye yon ti kòb pou sa.

Equifax Credit Information Services
P.O. Box 740241
Atlanta, GA 30374
1-800-685-1111
www.equifax.com

Transunion
1-877-322-8228
Se dwa ou pou w resevwa yon rapò kredi ou chak ane, men li pap gen pwen yo bay pou kredi w. Si ou bezwen pwen ou genyen pou kredi w, ou dwe fè kòmman nan apa.
www.annualcreditreport.com pou w kab jwenn yon rapò gratis; oswa
www.truecredit.com pou yon rapò ak tou pwen.

Royalty Credit Solutions
5530 NW 7th Avenue
Miami, FL
Telefòn: 305-835-9002
Faks: 305-835-9082
Imel: info@royaltycreditsolutions.com

The Credit Group, Inc.
290 N.W. 165th Street Suite P8
North Miami, FL 33169
Telefòn: 954-318-2935
Faks: 954-318-2936
Apèl gratis: 800-518-5546
info@thecreditgroup.com

PA BLIYE: Se pou rann ou sèvis sèlman non konpayi sa yo la. Nenpòt moun kapab al nan nenpòt ajans kredi yo vle pou yo mande yon rapò.

OFFICE USE ONLY

Received By: _____

Date and Time Stamp Here

ENSKRIPSYON PRELIMINÈ POU LWAYE

OFFICE USE ONLY

____ LOW
 ____ VLOWI
 ____ SPH
 ____ SR

ENFÒMASYON PÈSONÈL

Non ou okonplè _____
 Telefòn kay ou () _____ Telefòn travay ou () _____
 Dat ou fèt _____ Nimewo sosyal ou _____
 Adrès Imel ou: _____ Telefòn pòtab () _____
 Kantite moun ki sou kont ou _____ Laj moun ki sou kont ou a(yo) _____
 Kantite moun ki touche nan kay la? ____ Laj li(yo) _____
 Eta sivil ou: () Selibatè () Marye () Mari w/madanm ou mouri () Separe legalman () Divòse
 Èske yo janm kondane w pou yon krim? () Wi () Non Ki lè _____
 Si repons lan se wi, esplike _____
 Non moun ki fè demann lan ansanm avè w _____ Dat moun sa a fèt _____
 Nimewo sosyal li _____ Èske ou gen bèt kay? _____

ENFÒMASYON KOTE W RETE
 (PANDAN 2 AN KI SOT PASE YO)

Adrès ou kounye a _____ # Apatman _____ Vil _____ Eta _____ Zipkòd _____
 Mwa / Ane ou antre ladan _____ Telefòn () _____
 Rezon ki fè w sot la _____ Pri lwaye a \$ _____
 Mèt / Reskonsab kay la _____
 Adrès ou anvan sa (si w poko gen dezan kote w rete a) _____ Apt# _____
 Vil _____ Eta _____ Zipkòd _____ Mwa / Ane ou antre ladan _____ Telefòn () _____
 Rezon ki fè w sot la _____ Pri lwaye a \$ _____
 Mèt / Reskonsab kay la _____
 Èske yo janm mete w deyò pandan (5) senk an ki sot pase la yo? () Wi () Non
 Èske ou gen bòdwo ou poko peye pou sèvis kouran, dlo, telefòn ak gaz pou kay? () Wi () Non

RANSEYMAN SOU KREDI W

Èske w gen yon kopi rapò kredi w, ou pran Wi _____ Non _____
 nan twa (3) dènye mwa ki sot pase la yo?
 Èske w janm deklare ou fè fayit pandan sèt (7) dènye ane ki sot Wi _____ Non _____
 pase la yo? Si repons lan se wi, ki lè? (mwa/ane) _____
 Èske yo janm sezi yon machin nan menm pandan twa (3) an ki sot pase la yo? Wi _____ Non _____
 Make tout kont kredi w ap peye kounye a, kantite kòb w ap peye chak mwa, ak konbyen kòb ou dwe sou yo:

Non kont lan	Peman ou fè chak mwa	Kantite kòb ou dwe
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

ENFÒMASYON TRAVAY

Sa ou ye: ____ Anplwaye a plen tan ____ Anplwaye a tan pasyèl ____ Etidyan ____ Pap travay
 Ki kote w ap travay _____
 Dat ou jwenn travay la _____ Sa ou ye nan travay la _____
 Non sipèvizè ou _____ Telefòn () _____
 Kòb ou touche \$ _____ chak _____.
 Kote ou tap travay anvan sa (si w pa gen 6 mwa nan travay ou ye kounye a) _____
 Dat ou jwenn travay la _____ Sa ou ye nan travay la _____
 Non sipèvizè ou _____ Telefòn () _____
 Kòb ou touche \$ _____ chak _____.
 Si gen lòt moun nan kay la ki touche ou ta renmen nou konsidere, tanpri make non moun nan, konbyen kòb li fè, ak kote lajan an soti (non bank li, kote l ap travay, eks.), ki moun nou ka kontakte pou verifye enfòmasyon sa a. Ou pa oblije di si w ap touche lajan tribinal fè ansyen madanm/mari ou peye w, ni pou wou ni pou pitit ou; ou pa oblije di konbyen kòb mari/madanm ou ap touche pa ane sof si ou vle nou konsidere lajan sa yo nan demann nan.
 Kantite kòb \$ _____ kote lajan an soti _____
 Non moun pou nou kontakte a _____ Telefòn () _____



Kont ou gen labank:

Non bank lan _____ Kalite kanè ou gen la _____

Non bank lan _____ Kalite kanè ou gen la _____

Referans moun ki konnen w oswa moun pou n kontakte nan ka ijans:

Non moun nan _____ Adrès li _____

Telefòn li _____ Sa li ye pou ou _____

Non moun nan _____ Adrès li _____

Telefòn li _____ Sa li ye pou ou _____

Non moun nan _____ Adrès li _____

Telefòn li _____ Sa li ye pou ou _____

Lisans pou kondi machin:

Nimewo lisans ou _____ Nan ki Eta _____

Enfòmasyon sou machin ou:

Mak machin nan / Modèl li _____ Ane li _____

Nimewo plak machin nan ak nan ki Eta _____

Tanpri, bay nenpòt lòt enfòmasyon ki ta kab ede yon mèt kay / yon konpayi lwaye evalye demann sa a

Nan ki nimewo nou kapab rele w pou nou fè yon ti pale avè w de demann sa a?

Telefòn ou lajounen () _____ Telefòn ou leswa () _____

Mwen fè demann preliminè sa a pou wè si m kapab lwe nan apatman yo dekri nan fòm sa a pou kantite tan epi dapre kondisyon mèt kay la/manadjè a/konpayi k ap jere kay la mete sou pye. M garanti tout sa m di nan fòm nan se laverite.

Kou yo asepte demann mwen an, m dakò respekte machasuiv mèt kay la/manadjè a/konpayi k ap jere kay la. Si mèt kay la/manadjè a/konpayi k ap jere kay la pa apwouve oswa pa asepte demann nan, mwen konnen frè enskripsyon an pa ranbousab. Mwen rekonèt gen yon bagay ki fè pati demach w ap mennen pandan w ap travay sou demann mwen an, ou pral mennen ankèt pou prepare yon rapò sou mwen pou montre jan mwen kontwole depans mwen; enpe enfòmasyon k ap nan rapò sa a ap soti nan kesyon yo poze moun ki rekonèt mwen.

Ankèt sa a ap gen enfòmasyon sou ki moun mwen ye, sou repitasyon mwen genyen an jeneral, sou trè karaktè mwen ak sou mòd vi m ap mennen. Dapre tout sa mwen konnen, enfòmasyon ki make nan fòm sa a kòrèk e se laverite yo ye.

Tanpri siyen la a: X _____ Dat _____

Non moun ki fè demann nan Dat

OTORIZASYON: Pèmision pou bay enfòmasyon

Mwen bay otorizasyon pou yo mennen ankèt sou dosye kriminel mwen, kredi mwen, enfòmasyon lwaye mwen, ak ankèt sou dosye labank ak dosye travay tout moun ki rete avè m ki gen 18 an oswa ki pi gran, pou m kab lwe yon kay, yon apatman oswa yon kondominyòm nan men yon mèt kay/yon manadjè/yon konpayi k ap jere kay. M konnen ankèt y ap mennen sou jan mwen abitye lwe kote m rete dwe fèt anvan yo asepte m antre kote m ap lwe a. Epi tou mwen otorize mèt kay la/manadjè a/konpayi k ap jere kay la pou li bay kopi dokiman ki montre yo apwouve oswa yo pa apwouve demann lwaye mwen an, ansanm ak tout rezon ki fè yo pa asepte m antre nan pwogram "Liberty City Community Revitalization Trust, 4800 NW 12th Avenue Miami, FL 33127".

Non ou (ekri ak lèt enprimri)

X _____ Dat _____

Siyati Dat

